

MEMORANDÒM

POU: Komite Lekòl

DE: Doktè Charles Grandson, Chèf Ekite ak Estrateji

CC: Sipè-entandan Cassellius Brenda
Chèf Eta-Majò Mary Dillman
Konseye Prensipal Megan Costello

DAT: 27 Oktòb 2021

Referans: Mizajou Rapò Anyèl sou Plan Estratejik la

Plan [Estratejik BPS](#), yo adopte e apwouve nan mwa Avril 2020 an, se gid oryantasyon senk lane distri a pou founi yon edikasyon wo kalite ki ekitab pou tout elèv ki nan tout salklas nan tout lekòl BPS la. Se Sipè-entandan an, Ekip Direksyon an, ansanm ak chèf depatman yo ki jere aplikasyon plan an. Responsab sa yo reprezante elèv ak fanmi BPS yo nan yon nivo epi pami yo gen moun ki gen eksperyans avèk Elèv k ap aprann lang anglè yo ansanm ak Edikasyon Espesyal la. Pou asire plan an reyisi, distri a pran angajman pou l kontwole pwogrè li fè pou l rive atenn objektif yo nan chak grenn nan tout sis domèn angajman yo. Prezantasyon sa a pral bay yon mizajou sou aplikasyon plan an pandan Premye Ane a (Ane Lekòl 2020-2021) epi l ap presize pwogrè nou fè pou n rive atenn chak grenn nan angajman l yo. Prezantasyon an pral gen ladan l tou yon revizyon brèf sou pwosesis planifikasyon an jiskaprezan ak yon apèsi sou pwochen etap yo.

Biwo Estrateji ak Inovasyon an (“Estrateji ak Inovasyon,” oswa “OSI”), ki fè pati Divizyon pou Ekite, Estrateji ak Lakin nan Opòtinite (Division of Equity, Strategy and Opportunity Gaps, ESOG) a, pral bay mizajou chak ane pandan tout dire plan an. Y ap pibliye tout Rapò Anyèl sou Plan Estratejik pou Ane Lekòl 2020-2021 nan mwa Janvyè 2022 a.